



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 200,000 REPA PRAL LIVRE BAY KOMINOTE YO KI NAN BEZWEN ATRAVÈ PWOGRAM REZISTANS RESTORAN PANDAN SEZON FÈT LA**

***Pwogram 25 milyon dola a baze sou Inisyativ Nourish New York ki fè siksè a, pou bay yon bourad ak restoran ki gen difikilte yo pandan y ap nourri fanmi ki nan bezwen yo***

***Restoran yo nan pwogram lan reprezante divèsite rejyon ak kominote Eta New York yo***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Pwogram Rezistans Restoran Eta New York la pral livre 200,000 repa pou Nouyòkè yo ki nan bezwen jiska fen sezon fèt la. Restoran yo ki enplike nan pwogram lan nan tout rejyon yo nan Eta New York epi reprezante divèsite Eta a, avèk anpil restoran k ap patisipe pou prepare repa Kosher ak Halal yo epi reprezante biznis minorite ak fanm posede yo.

"Pandan sezon fèt la, okenn fanmi nan Eta New York pa ta dwe pase grangou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Rezistans Restoran an pran yon apwòch inovatè pou ede Nouyòkè yo fè fas ak ensekirite alimantè ak restoran ki nan difikilte pandan pandemi an. Pwogram tan kou sa yo montre lespri jenewozite ak kolaborasyon se bagay ki enpòtan pou siksè New York".

Atravè pwogram lan, Depatman Agrikilti ak Mache a te resevwa plizyè santèn aplikasyon nan men restoran yo jiskaprezan, plis pase yon tyè ladan te soti nan biznis miorite ak fanm posede yo. Ladan, 215 restoran te apwouve, sa gen ladan 34 restoran k ap prepare repa Kosher ak Halal. Anplis de sa, restoran yo te apwouve nan rejyon chak nan 10 bank alimantè New York, ki ilisstre kouvèti pwogram lan nan tout eta a. [Gade yon lis restoran ki apwouve isit la.](#)

Egzanp plan repa Pwogram Rezistans Restoran yo gen ladan:

- **Barcha, New York, New York:** 1,400 repa distribiye atravè FACES NY, Inc. ak Food Bank for New York City.
  - Repa yo gen ladan boulèt vyann bèf nan sòs marinara, diri fèy ak salad prentan ki melanje; poulè pane, pòm de tè ak bè lay ak salad chou frize avèk vinagrèt nan moustad epi avèk myèl; jibarito vejetaryen avèk tostòn kolosal, zaboka, tomat mi, epina òganik, oliv ak aticho; poul griye

mediteraneyen, diri fèy ak legim jilyèn; pwason kwoustiyan, pire pòm de tè avèk krèm, ak salad prentan ki melanje; epi yon bon bòl kinoa, epina òganik, pwa chich, kawòt ak zaboka.

- Tout repa yo itilize engredyan ki soti New York.
- **Fireside Holdings, Monsey, New York:** 7,000 repa Kosher yo pral distribye atravè Tomche Shabbos nan Konte Rockland ak Bank Alimantè Rejyonal nan Nòdès New York.
  - Repa yo gen ladan pwatrinn bèf avèk sòs, pòm detè Yukon kraze, pwa vèt kabonize, ak konpòt fwi; epi pwatrin poul, chanpiyon ki asòti, diri bren avèk lantiy ak pwa, epi pwa woti.
  - Engredyan ki soti New York yo gen ladan zonyon, pwa vèt, pòm, chanpiyon, pwa ak poul.
- **Haskell's Seafood Market and Café, Westhampton Beach, New York:** plis pase 500 repa pral distribye atravè New Direction Services, Food Bank for New York City, ak Long Island Cares.
  - Repa yo gen ladan pwason (porgy), pwa, diri bren ak legim; ba reye avèk kinoa, lantiy ak legim; mango mahi-mahi avèk diri bren ak legim; pwav sitwon ton avèk kinoa ak legim; risotto farro lòt avèk legim; petonk griye avèk kinoa ak legim; ak lòt.
  - Engredyan ki soti New York yo gen ladan ton, lòt, petonk jeyan, pòm detè, pèsi, chou frize, myèl, pwason (porgy), twil, ba reye, tim, epina ak lòt.
- **Serendipity, Ithaca, New York:** 500 repa pral distribye atravè Enfield Food Pantry ak Food Bank of the Southern Tier.
  - Repa yo gen ladan: poul avèk diri, pwav, zonyon, tomat, lay, kap, womaren ak tim; poul avèk diri, kawòt, epina, krèm, tomat seche, zonyon, lay ak fwomaj pamezan; kochon efiloche avèk sòs babèkyou, mayi, ak pòm detè sale; ak sosis poul avèk kouskous, zonyon, pwavron, kawòt, pwa chich, pòm detè, kkouj, chouflè ak tomat.
    - Engredyan ki soti New York yo gen ladan zonyon, lay, krèm ak pòm detè.

Pwogram lan kontinye pran aplikasyon nan men restoran yo sou yon baz kontinyèl epi ap kontinye fè sa jiskaske lajan yo fini. [W ap jwenn plis enfòmasyon ak aplikasyon pou pwogram nan isit la.](#)

**Komisè Agrikilti Eta a, Richard A. Ball, te deklare,** "Pwogram Rezistans Restoran nou an byen demare, atenn Nouyòkè ki nan bezwen atravè Eta a pandan sa ap founi yon baz kliyan ki estab pou restoran nou yo pou ede yo travè moman difisil kontinyèl sa yo. Mwen ankouraje restoran yo nan tout kwen nan eta nou an pou yo aji nan kominote yo. Patisipe nan pwogram sa a, epi bay kiltivatè nou yo yon bourad anplis lè nou itilize engredyan ki pwodui New York yo".

**Direktè Egzekitif Jeneral Amerik Lib (Free America), Joel Berg, te deklare,** "Se yon gwo fason pou nou nourri Nouyòkè ki grangou yo epi ede an menm tan restoran ki nan difikilte yo pou yo ka rete nan biznis. Mete avèk inisyativ vital Gouvènè a yo pou rann li pi fasil pou granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo jwenn avantaj SNAP

gouvènman federal la finanse, inisyativ sa a pral ede redui grangou pandan sezon fèt difisil sa a".

**Direktè Egzekitif Feeding New York State (Nouri Eta New York), Dan Egan, te deklare,** "Lidèchip Gouvènè Hochul avèk Pwogram Rezistans Restoran an te pwodui yon règleman piblik ki inovatè toutbon. Nou menm nan kominote bank alimantè a kapab kreye nouvo patenarya avèk restoran yo, epi atravè patenarya sa yo, nou kounye a ap bay plizyè miye repa bon jan kalite chak semèn. Nouyòkè yo ki, kote yo nan ensekirite alimantè san ke se pa fèt yo, kapab jwi repa bon kalite sa yo. Pèsonèl Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) a enpòtan nan chak etap sou wout la. Pwogram rezistans restoran an fonksyone, epi nou fyè dèske nou fè pati li".

**Melissa Fleischut, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Restoran Eta New York (New York State Restaurant Association) la, te deklare,** "Pwogram Rezistans Restoran an ilistre pouvwa ki genyen nan travay ansanm pou simonte difikilte ekonomik yo avèk chak repa ki livre ak chak nouvo restoran ki patisipe. Etap enpòtan sa yo fè pati elan restoran New York yo bezwen pou sipòte rekiperyasyon yo nan yon monn apre pandemi an. Mèsi Gouvènè Hochul dèske li dirije pwogram lan pou atenn etap enpòtan sa yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye travay avèk responsab yo nan Eta a pou asire sipò regilye ak dirab pou endistri restoran an ak tout Nouyòkè yo".

**Prezidan Asosyasyon Ba ak Sal Restoran Latino Eta New York la (New York State Latino Restaurant Bar and Lounge Association) Jeffrey Garcia, te deklare,** "Nou eksite pou nou fè patenarya avèk Gouvènè Hochul sou inisyativ enpòtan ak inovatè sa a ki pral pote plizyè santèn milye repa bay Nouyòkè yo pandan sezon fèt la pandan an menm l ap enjekte kapital ki nesèsè anpil nan restoran yo atravè eta a, kote anpil ladan yo gen difikilte toujou pou yo siviv".

**Direktè Egzekitif Restoran Empire State & Asosyasyon Tavern (Empire State Restaurant & Tavern Association) Ian, Scott Wexler, te deklare,** "Nou eksite pou nou wè siksè Pwogram Rezistans Restoran an te genyen nan ti tan kout depi lè li te lanse a nan bay repa ki nitritif pou konpatiyòt Nouyòkè nou yo atravè Eta a. Li ofri yon enjeksyon vital dafè pou restoran k ap goumen ak difikilte ekonomik yo ke pandemi aktyèl la te lakòz epi nou vreman ankouraje restoran yo nan New York pou rejwenn inisyativ sa a".

**Direktè Egzekitif Alyans Ospitalite NYC (NYC Hospitality Alliance) a, Andrew Rigie, te deklare,** "Pwogram pwoaktif la konekte restoran ki gen difikilte yo avèk fanmi k ap goumen ak ensekirite alimantè epi se yon resous ki alè ak gen enpak pou sila yo ke pandemi COVID-19 la te devaste finansyèman. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak lejislati a pou lidèchip yo nan fè avanse pwogram reflechi sa a pou pote konfò bay Nouyòkè yo sezon fèt sa a, pandan l ap bay yon bourad ak restoran famiyal yo nan eta a".

Pwogram Rezistans Restoran ki koute 25 milyon dola pou bay soulajman nan endistri restoran an, ki kontinye ap fè fas ak gwo defi akòz pandemi COVID-19 la. Pwogram lan apiye sou Inisyativ Nourish New York la, bay finansman pou rezo bank alimantè ak founisè manje ijans New York yo pou achte manje prepare ki soti nan restoran New York yo epi livre yo bay fanmi ki nan bezwen yo.

Pwogram Rezistans Restoran bay finansman, ki te pase kòm yon pati nan Bidjè Eta New York 2021-22 a, soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York rive nan rezo New York ki gen dis bank alimantè toupatou nan Eta a. Founisè manje ijans yo travay dirèkteman ak restoran ke Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York jije bon ki kalifye pou pwogram lan. Restoran yo kreye repa ki aliyen avèk estanda MyPlate.gov, yo rete ajou ak kondisyon lisans yo, epi pase tout enspeksyon sante yo. Yo ankouraje restoran k ap patisipe pou yo itilize engredyan New York kote sa posib.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418